

KONSEY POU PARAN (LEKÒL ELEMANTÈ)

Kèk konsèy pou PARAN: MATEMATIK

1. Ankouraje pitit ou a pou l itilize yon kaye pou fè devwa chak jou.
2. Li trè enpòtan pou konprann pwogrè pitit ou an matematik chak jou. Verifye devwa l yo.
3. Si ou pa konprann devwa matematik li dwe fè a, kenbe kontak avèk pwofesè a pou pale ak li souvan.
4. Si pitit ou a ap fè fas ak pwoblèm an matematik, kontakte pwofesè l la pou konnen si l ap travay nan nivo klas la e sa ki ka fèt lakay pou ede l emelyore pwogrè akademik li.
5. Si pitit ou a reyèlman bezwen èd, mande pou pran randevou ak pwofeesè l aprè lekòl pou lesyon patikilye an matematik.
6. Ankouraje direktè lekòl la pou l itilize pwogram ki baze sou rechèch an gwoup pou lesyon patikilye an matematik. Pwogram lesyon patikilye sa yo gen bon rezulta, e elèv reyèlman renmen yo.
7. Itilize bagay ki gen pou fè lakay kòm opòtinite pou ranfòse aprantisaj matematik (tèlke pa egzanp: kuizin, ak aktivite reparasyon).
8. Fèt atansyon kijan yo anseye pitit ou a matematik, epi pa anseye estrateji chemen kout ki ta koze yon sòt konfli avèk apwòch pwofesè a itilize. Tyeke avèk pwofesè a pou mande l kijan ou kapab ede pitit ou a. Mande pwofesè a konsènan resous sou entènèt la ke w ka itilize avèk pitit ou lakay.
9. O kòmansman ane akademik lan, mande pwofesè pitit ou a yon lis sijesyon k ap pèmèt ou ede l ak devwa matematik.

Kèk konsèy pou PARAN: LEKTI

1. Mande pitit ou a pou l li a wot vwa chak jou.
2. Chwazi yon kote ki pa gen bri, ki pa gen distraksyon pou pitit ou a fè devwa lekti.
3. Mande pitit ou pou l li, pwente sou kijan mo yo ekri, suivan metòd son (pwononsiyasyon) tankou nan mo *cat, pat hat* (nan lang anglè).
4. Lè pitit ou a li a wot vwa pou ou epi l pa komèt erè, touche mo li sote yo epi ede l reli yo kòrèkteman.
5. Aprè pitit ou a fin korije yon mo li te li deja, mande l reli tout faz la depi o kòmansman pou asire w ke l konprann sans faz sa a.
6. Mande pitit ou a pou l di w nan pwòp mo pa l sa k pase nan istwa a.
7. Pou verifye konpreyansyon sa pitit ou li a, fè yon poze pafwa pou poze l kesyon sou pèsomaj yo e sa k pase nan istwa a.
8. Mande pitit ou a poukisa l panse tèl pèsomaj aji tèl ou tèl fason epi mande l pou l siphòt sa avèk enfòmasyon ki nan istwa a.
9. Avan l rive nan fen istwa a, mande l sa l panse ki pral pase e poukisa.

[Tradiksyon (anglè - kreyòl): Emmanuel W. Vedrine]

(ref. *White House Initiative on Educational Excellence for Hispanic Americans* (www.yic.gov) of the US Educational Dept. and reformatted by Title I Dissemination Project, Inc.)